



Berilah tanda silang (X) pada huruf A, B, C atau D pada jawaban yang benar pada lembar jawab yang tersedia!

- Ing ngisor iki sing kalebu tembang dolanan yaiku ....
  - Maskumambang, Mijil
  - Pocung, Gundhul-Gundhul Pacul
  - Pitik Tukung, Menthog-Menthog
  - Sinom, Dandanggula
- Wis ana sewulan Budi nandang lara. Mulane awake sansaya kuru sasat mung kari ....
  - dubang
  - lunglit
  - bangcuk
  - bangjo
- Pak Fajar ... saking Yogyakarta kala wau dalu.  
Tembung sing cocok kanggo ngisi titik-titik yaiku ....
  - dugi
  - tindak
  - bidal
  - rawuh
- Wujude sandhangan pangkon yaiku ....
  - \_\_>
  - \_\_i
  - \_\_u
  - \_\_o
- Saiki jam 5 sore cuacane wis katon ....
  - peteng dhedhet
  - padhang jingglang
  - adhem ayem
  - subur makmur
- Kang diarani cangkriman yaiku ....
  - unen-unen kang ajeg panggonane ngemu surasa pepindhan
  - unen-unen kang ngemu mawa batangan utawa bedhekan
  - tembung loro utawa luwih digandheng dadi siji lan nduweni teges siji
  - runtuting swara utawa tetembungan sing padha karo sajroning ukara
- Ukara ing ngisor iki kang nganggo pola J-W-L-K yaiku ....
  - Bagus adus ing kali .
  - Mau isuk ibu masak sayur ing pawon.
  - Ziddan mancing lele ing kolam.
  - Simbah ngunjuk wedang kopi.



- Gambar tokoh pewayangan ing sisih kiwo, yaiku ....
  - Werkudara
  - Puntadewa
  - Arjuna
  - Gatutkaca
- Ukara ing ngisor iki sing kalebu ukara pakon yaiku ....
  - Zahra, tulung jupukna bukune bu guru ing meja!
  - Naila lan wulan budhal sekolah bareng.
  - Sing ana meja ngarep kae bukune sapa?
  - Aisyah, Nisa, lan Rumi nyapu latar isuk mau!
- Nganggo parem gandane sedhep  
Wis kelas enem kudu sing ....
  - sregep
  - madhep
  - manteb
  - landhep
- Fatimah maca buku ing kamar.  
Ukara iku yen diubah dadi ukara tanggap yaiku ....
  - Fatimah ing kamar maca buku
  - Buku diwaca Fatimah ing kamar

- C. Fatimah diwaca buku ing kamar  
D. Ing kamar Fatimah maca buku
12. Ukara ing ngisor iki kang ngemu panyandrane awak sing bener yaiku ....  
A. Bocah kok ora gelem sinau, mula pikirane landhep dhengkul  
B. Rambute adhiku kriting  
C. Ravi mlakune kaya macan luwe  
D. Nisa bocah sing ayu, alise nanggal sepisan
13. Anak sapi arane pedhet. Lha yen anak kebo arane ....  
A. cempe  
B. bledug  
C. kuthuk  
D. gudel
14. Ukara ing ngisor iki sing ana seselan -in sing bener yaiku ....  
A. Bukune ditatani dening murid-murid  
B. Surat iku tinulis kanthi rapi  
C. Febri macani buku ing perpustakaan  
D. Paklik makani sapi ing kandang
15. Joko Seger lan Rara Anteng muja semedi ing pucuke Gunung Lejar. Anggone muja semedi dikantheni rasa temen-temenan supaya kekarone keturutan duwe putra. Sanajan suwene patang puluh dina patang puluh bengi lan akeh panggodane, kakarone tetep mantep muja semedi. Saka perangan crita kasebut sing dadi paraga utama yaiku ....  
A. Joko Seger lan Rara Anteng  
B. Joko Seger  
C. Rara Anteng  
D. Gunung Lejar
16. Simbah ... wedang kopi ing teras omah. Tembung sing cocok kanggo ngisi titik-titik yaiku ....  
A. diunjuk  
B. diunjuk  
C. ngunjuk  
D. unjuk
17. *Kriwikan dadi grojogan*. Paribasan iku tegese ....  
A. melu rekoso nanging ora melu penake  
B. arep nemu kabegjan nanging ora sido  
C. ditulung malah menthung  
D. perkoro cilik dadi gedhe
18. Ibu dawuh, "Kowe kudu sregep sinau supaya pinter."  
Ukara ing dhuwur yen diubah dadi ukara crita (tak langsung) yaiku ....  
A. Ibu dawuh yen aku kudu sregep sinau supaya pinter.  
B. Ibu dawuh yen kowe kudu sregep sinau supaya pinter.  
C. Dawuhe ibu kowe kudu sregep sinau supaya pinter.  
D. Yen pengen pinter dheweke kudu sregep sinau
19. Pak Guru mulang murid-murid ing njero kelas. Wasesane ukara ing dhuwur yaiku ....  
A. Pak guru  
B. mulang  
C. murid-murid  
D. ing njero kelas
20. Paribasan "kepok ora tombok" tegese....  
A. wong sing senengane kepok-kepok  
B. wong sing uripe seneng  
C. melu seneng nanging ora melu ragad  
D. ngetokake ragad kanggo seneng-seneng
21. Tembang macapat iku cacahé ana ....  
A. 8  
B. 9  
C. 10  
D. 11
22. Aku ditukokake bulik sepatu.  
Ukara iku yen diubah dadi ukara tanduk yaiku ....  
A. Bulik dak tukokake sepatu  
B. Bulik nukokake aku sepatu  
C. Aku nukokake bulik sepatu  
D. Aku ditukokake sepatu bulik
23. Numpak becak rodhane bunder  
Tuku benik rupane ireng

- Paling penak dadi bocah pinter  
Bijine apik ....  
Lanjutane parikan ing dhuwur yaiku ....
- atine seneng
  - atine peteng
  - polahe meneng
  - atine anteng
24. Raden Puntadewa iku ratu ing negara ....
- Ngastina
  - Plangkawati
  - Ngamarta
  - Ngalengka
25. Bapak kondur saka kantor awan-awane jam 14.00.  
Tembung *awan-awane* iku tegese ....
- awan banget
  - wektu awan
  - nalika awan
  - paling awan
26. Sing diarani guru wilangan ing tembang macapat yaiku ....
- cacahe gatra (baris) saben sapada
  - tibaning swara ing pungkasaning gatra
  - tibaning swara saben ing tengahing gatra
  - cacahe wanda saben sagatra
27. *Ngawi, 7 April 2021*  
Perangane layang ing dhuwur iku diarani ....
- adangiyah
  - satata basa
  - papan lan titimangsa
  - surasa basa
28. Gamane Raden Janaka yaiku ....
- Jimat kalimasada
  - Panah pasopati
  - Kuku pancanaka
  - Gada rujakpolo
29. Ukara ing ngisor iki kang njerone ngemu tembung saroja yaiku ....
- bocah iku nesu sampe raine abang mbranang
  - wong tuwoku olehe mergawe nganti adus kringet
  - bocah sing dawa tangane iku ora disenengi kancane
  - bocah iku ayu banget mula dadi kembang desa
30. Ibu tindak pasar ... sayuran.  
Tembung krama sing cocok kanggo ngisi titik-titik yaiku ....
- mundhut
  - tumbas
  - tuku
  - nggawa
31. Aisyah bocah sing ayu, bangkekane ....
- nyela cendani
  - nanggal sepisan
  - nawon kemit
  - nduren sajuring
32. Wong sing uripe wes enak tambah kepenak, paribasane *endhas gundhul* ....
- ditopeni
  - dikepeti
  - ditutupi
  - digundhuli
33. Bapakku sing makaryo nganti adus kringet. *Adus kringet* tegese ....
- adus banyu kringet
  - penak banget
  - seneng banget
  - abot banget
34. Ukara ing ngisor iki sing kalebu panutupe pidato yaiku ....
- Minangka purwakaning atur, mangga kula dherekaken ngunjukaken puji syukur dhumateng ngarsanipun Gusti Allah.
  - Kula kinten cekap semanten atur kula, nyuwun pangapunten saking sedaya kalepatan saha kekirangan.
  - Sugeng enjing kula aturaken dhumateng para rawuh sedaya
  - Puji syukur kula aturaken dhumateng ngarsanipun Gusti ingkang Maha Agung
35. Bu guru ... murid-murid supaya luwih sregep anggone sinau.

- Tembang krama sing cocok kanggo njangkepi ukara ing dhuwur yaiku ....
- A. dhawuhi
  - B. ngakon
  - C. ngutus
  - D. dikongkon
36. Ing ngisor iki sing kalebu ukara tanggap yaiku ....
- A. Sawitri nyirami kembang
  - B. Sugeng ndandani sepeda
  - C. Adik didulang Ibu
  - D. Riana ngrewangi masak
37. Ukara ing ngisor iki sing kalebu ukara tanggap yaiku ....
- A. Febri maca buku ing perpustakaan
  - B. Naila nulis surat kanggo kancane
  - C. Adhik maem roti ing ngarep TV
  - D. Latare wes disaponi Ayu mau isuk
38. Simbah nembe ngunjuk wedang kopi wonten teras.  
Ukara iku ngokone ....
- A. Simbah nembe ngombe wedang kopi wonten teras
  - B. Simbah lagi ngunjuk wedang kopi ing teras
  - C. Simbah lagi ngombe wedang kopi ing teras
  - D. Simbah nembe ngombe wedang kopi ing teras
39. *Pucung*  
*Ngilmu iku kelakone kanthi laku*  
*Lekase lawan kas*  
*Tegese kas nyantosani*  
*Setya budya pengekesing dur angkara*  
Guru wilangan lan guru lagu gatra ke-2 tembang ing dhuwur yaiku ....
- A. 12-u
  - B. 6-a
  - C. 8-i
  - D. 12-a
40. Ukara ing ngisor iki sing kalebu ukara pitakon yaiku ....
- A. Ayo budhal sekolah bareng, Gus!
  - B. Naila, Takhsya, lan Eva jajan menyang kantin.
  - C. Sing mapak adhikmu mau sapa!
  - D. Kowe mau apa uwes sarapan?